



Dewan Penyantun, Direktur dan Dosen Pada Acara  
Dies Natalis ASGA



Brayat Faterna UNDIP Ziarah Makam  
P. Harto & Ibu Tien Di Astana Giribangun

**Kawedalaken dening :  
PAGUYUBAN "TRIDARMO MN SOLO"**

Alamat Redaksi : Jln. Prof. WZ. Yohanes No. 15 Solo 57124  
Telp. 0819 3138 2215 fax : (0271) 652417  
e-mail : mbanguntuwuh.majalah@gmail.com  
Akte Notaris : No. 02 Tanggal 10 Juli 1980



*Kalawarti*  
**ꦏꦭꦮꦮꦠꦶ**  
*mBangun Tuwuh*



**Bab Akik / Batu Mulia**

*Wa Sonto*

**Nglelimbang Gending " Macan Ucul "**

*Dr. P. Ari Subagyo, M.Hum*

**Ki Hajar Dewantara**

*Dr. Sudi Yatmadiningrat*

**Ilmu Iku Digembol Ora Mendhokol. Diguwang Ora Kemrompyang**

**Diwenehake Ora Suda Kepara Dadi Tambah**

*Prof. DR. H. KPH. Sukamdani S Gitosardjono*

**Tahun : 2015**

**Volume : 28**

**Nomer : 03**



## DHAFTAR ISI

B.T. tahun 2015 volume : 28 Edisi :03

No.	BAB	Hal.
1.	Gambar cover depan :Ir. KPH Soelarso Basarah Soerjosoejarso bersama Prof. KRT. Tirta N. Mursitama, Ph.D pada acara peresmian Sahid Office Center gedung tertinggi di Jakarta	
2.	Gambar cover depan dalam : Ki Hajar Dewantara Bapak Pendidikan Nasional	
3.	Paraga mBangun Tuwuh	1
4.	Daftar Isi	2
5.	Purwa Wacana	3
6.	Memahami Dunia Tempat Manusia Hidup Menuju Kehidupan Yang Damai Sejahtera	4
7.	Bab Akik / Batu Mulia.	10
8.	<b>Nglelimbang Gendhing/tembang Gecul " Macan Ucul"</b>	12
9.	Ki Hajar Dewantara	16
10.	Wasito Adi : Ilmu Iku Digembol Ora Mendhokol. Diguwang Ora Kemrompyang Diwenehake Ora Suda Kepara Dadi Tambah	19
11.	Wewaleripun Para Pinisepuh Kawawas Saking Pemikiranipun Masyarakat Moderen	22
12.	Kawruh Basa	26
13.	Oncek - Oncek Lelagon Dolanan "Cungkup - Cungkup"	29
14.	Butir-butir Budaya Jawa	31
15.	Masjid Agung	33
16.	Geguritan : Aku Iki Kowe Kowe Iki Aku	34
17.	Religi	36
18.	Pedoman Penulisan Aksara Jawa	39
19.	Nurani Praduli	40
20.	YASTRI	43
21.	Pawarti Naluri	46
22.	Pamireng Pamirsa	47
23.	Wara-wara	ii



Assalamu'alaikum Wr. Wb.

**Kebangkitan Indonesia, Kebangkitan Dunia**

Tahun ini Indonesia akan memperingati Hari Kebangkitan Nasional yang ke 107. Sungguh bukan sebuah perjalanan waktu yang sebentar. Hal dapat dimaknai dari dua hal.



Pertama, kita menghargai para pendiri bangsa Indonesia yang telah meletakkan fondasi kemandirian sebagai sebuah bangsa Indonesia. Kedua, bagaimana generasi yang saat ini hidup pada masa kekinian dapat memanfaatkan dengan sebaik-baiknya termasuk meletakkan fondasi yang lebih kuat bagi generasi yang akan hidup di masa depan.

Konteks ruang dan waktu yang dihadapi para pendiri bangsa kita pada awal abad 20 tentu memiliki perbedaan dengan yang kita hadapi pada abad 21 ini. Mereka harus berjuang menghadapi kolonialisme klasik berupa penjajahan fisik dan eksploitasi manusia maupun sumber daya alam dalam ketidakberdayaan untuk melawan. Namun, ternyata sekelompok orang yang memiliki pikiran visioner dan keberanian untuk menyampaikan kebenaran serta apa yang mereka yakini benar, mendirikan organisasi Boedi Oetomo yang menandai kebangkitan pergerakan nasionalisme Indonesia.

Satu hal yang terpenting dan mungkin sering terlewatkan adalah ruh organisasi ini digagas sebagai sebuah gerakan sosial kebudayaan, bukan secara eksplisit untuk tujuan politik. Walau demikian, terbukti dalam perkembangannya organisasi Boedi Oetomo mampu terus bergulir mengobarkan semangat nasionalisme Indonesia.

Dalam konteks kekinian, strategi Boedi Oetomo dapat kita gunakan dalam memaknai kebangkitan Indonesia yang lebih maju, sejahtera dan mandiri. Strategi sosial budaya ini dalam khasanah Hubungan Internasional dikenal dengan memanfaatkan *soft power* yang diantaranya berupa seni budaya, keluhuran nilai-nilai (*noble values*), tata bahasa, busana yang indah dan keramahtamahan.

Salah satu karakteristik dunia saat ini adalah kompleksitas masalahnya yang sangat rumit sehingga tidak bisa diselesaikan oleh salah satu aktor saja dalam Hubungan Internasional. Semua aktornya harus saling bekerja sama dan memikirkan kemanfaatan bersama dengan cara-cara mencapainya yang disepakati. Tidak mengedepankan kekerasan, perang urat syarat yang dapat menimbulkan kesalahpahaman dalam tata hubungan antar negara dan warganya, merupakan hal-hal yang harus dihindari.

Oleh karena itu, sudah tepat sebagai bangsa Indonesia yang didalamnya terdapat berbagai macam keluhuran nilai, norma dan budaya dari beraneka ragam suku bangsa dapat menjadi modal menyusun *soft power* Indonesia. Tentu bukan usaha yang mudah, tetapi satu langkah kecil memulainya dapat menjadi awal menggapai kebangkitan Indonesia yang hakiki dan dihargai dalam tata Hubungan Internasional sebagai bangsa yang berdiri tegak serta bermartabat. Kita mampu mewujudkannya dan itu berarti Kebangkitan Indonesia menuju Kebangkitan Dunia yang lebih bermartabat. Semoga.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Surakarta, 17 Mei 2015

Paguyuban Tridarmo Mangkunagaran  
Mudha Parampara

Prof. Tirta N. Mursitama, PhD



# Nglelimbang Gendhing/Tembang Gecul "Macan Ucul"

P. Ari Subagyo

Ki Narto Sabdo (lair ing Klaten, 25 Agustus 1925 kanthi asma timur Soenarto) misuwur minangka dhalang sarta pangripta gendhing lan tembang Jawi. Dumugi sedanipun (ing Semarang, 7 Oktober 1985), pangarsaning Karawitan "Condong Raos" menika ngripta 319 gendhing/tembang. Sawetawis taksih kapireng saha kawentar dumugi samenika, upaminipun "Caping Gunung", "Gambang Suling", "Ibu Pertiwi", "Klinici Ucul", "Prahu Layar", "Aja Dipleroki", lan "Rujak Jeruk".

Ing seratan menika, para pamaos badhe pun ajak ngungkap gendhing/tembang (lagu) yasanipun Ki Narto Sabdo kanthi irah-irahan "Macan Ucul". Tembang menika kalebet gendhing/tembang dolanan ingkang gecul (guyon). Sinaosa makaten, tembang ingkang kawungkus ungeling ladrang pelog barang menika ngemu suraos lan piwucal ingkang estu lebet.

## Perangan Pembuka

Gendhing/tembang "Macan Ucul" dipun purwakani bawa wiraswarawati ingkang dipun wangsuli dening bawa wiraswara kados ing ngandhap menika (sulih basa Indonesia dipun tambahaken):

Lha kae macane ucul (We lha dalah)	Lihat itu harimaunya lepas (Sungguh celaka)
Anggemprang agawe giris (Pancen nyata)	Mengamuk membuat takut (Memang benar)
Nututi kidang lumumpat (Elo yae)	Mengejar kijang melompat (Ya ya ya)
Si macan sanyata bengis	Si harimau sungguh ganas
Si kidang prayitna ngilang	Si kijang waspada menghilang
Kepungkur bebaya kalis.	Bersembunyi terbebas dari bahaya.
Aja kaget nadyan weruh macan ucul	Jangan kaget meskipun melihat harimau lepas
Nadyan ucul, si macan bengkong sikile	Meskipun lepas, si harimau cacat kakinya
Nggerenge kok blero	Aumannya kok sumbang
Ora galak, malah nggecul	Tidak puas, malah bergurau
Lha dalah, jebule macane mung macanan.	Astaga, ternyata harimaunya hanya mainan.

Ing pembuka, Ki Narto Sabdo sampun ngajak kita gemujeng. Wonten macan ucul, damel giris awit sanyata bengis, lajeng ngoyak kidang. Ananging, bengkong sukunipun, nggerengipun ugi blero. Lha dalah, jebul si macan namung macanan (dolanan).

## Perangan Isi

Sasampunipun kita dipun ajak gegojegan dening Ki Narto Sabdo, wosing piwucal kamot ing perangan isi. Wiraswarawati nyekaraken Serat Wedhatama yasanipun Ngarsa Dalem K.G.P.A.A. Sri Mangkunegara IV, pupuh Pangkur pada 1-3:

- Mingkar-mingkuring angkara,  
akarana karenan mardi siwi,  
sinawung resmining kidung,  
sinuba sinukarta,  
mrih kretarta pakartining ngelmu luhung,  
kang tumrap ing tanah Jawa,  
agama ageming aji.*

Meredam nafsu angkara dalam diri,  
dengan berkenan mendidik putra-putri,  
tersirat dalam indahnya tembang,  
dihiasi penuh warna-warni,  
agar menjwai hakikat ilmu luhur,  
yang berlaku di tanah Jawa (Nusantara),  
agama yang merasuki kehidupan.
- Jinejer ing Wedhatama,  
mrih tan kempa kembenganing pambudi,  
mangka nadyan tuwa pikun,  
yen tan mikani rasa,  
yekti sepi resepa lir sepah samun,  
samangsane pakumpulan,  
gonyak-ganyuk nglelingsemi.*

Dipaparkan dalam Wedhatama,  
agar jangan miskin pengetahuan,  
walaupun sudah tua pikun,  
jika tidak memahami rasa sejati (olah batin),  
niscaya kosong tiada berguna bagai ampas,  
saat bergaul atau mengikuti pertemuan,  
bertindak ceroboh memalukan.
- Si penggung nora nglegewa,  
sangsayarda denira cacariwis,  
lumuh ingaran balilu,  
uger guru aleman,  
nanging janma ingkang wus waspadeng semu,  
sinamun ing samudana,  
sesadoning adu manis.*

Si dungu tak menyadari,  
bualannya semakin menjadi-jadi,  
namun tak mau dianggap bodoh,  
selalu ingin dipuji-puji,  
tapi orang yang sudah memiliki ilmu sejati,  
selalu bersikap rendah hati,  
senantiasa berprasangka baik.

## Perangan Panutup

Sapurnaning Pangkur pada 1-3 kasekaraken, gendhing/tembang "Macan Ucul" dipun pungkasi mawi lelagon gummyak kanthi tetembungan kados ing ngandhap menika. Wosipun, si macan malah lajeng kempes awit sanyatanipun namung plembungan ingkang katelasan angin.



Lanyak-lanyak macane ora galak  
Jerone kok logro  
Lho eloke macana kempes  
Jebule wus entek angine.

Ketahuan harimaunya tidak boas  
Dalamnya kok lunak  
Lho aneh harimaunya kempes  
Ternyata sudah habis anginnya.

### Atur Lelimbang

Menapa ingkang saged kita pethik saking gendhing/tembang gecul “Macan Ucul”? Sinaosa kawungkus mawi cariyos lan tetembungan ingkang gecul, gendhing/tembang “Macan Ucul” yektosipun ngajak kita nglelimbang bab gesang lan cak-cakaning gesang ing bebrayan agung.

Kapisan, kita asring tumindak kadya macan galak tumrap sesamining manungsa. Njarag utawi mboten, kita sok ngincer, ngoyak, mbledig, damel giris, malah kepara lajeng nyokot utawi mbrakot sesami kita. Ugi asring dumados rencang lan rencang sami gereng-gerengan, ancang-ancaman, oyak-oyakan, ngantos cokot-cokotan utawi brakot-brakotan. Inggang dados undering perkawis saged bandha, kuwaos, lan pakurmatan kadonyan. Ki Narto Sabdo ngengetaken bab homo homini lupus: manungsa dados segawon wana (serigala) tumrap sesaminipun. Mendah saenipun menawi ing cak-cakaning gesang ing bebrayan agung kita sedaya langkung milih homo homini socius: manungsa dasos mitra tumrap sesaminipun.

Kapindho, senadyan kita asring tumindak kadya macan, ing ngarsaning Gusti Allah ingkang Murbeng Gesang, sejatosipun kita namung pindha macan plembungan. Manungsa menika ringkih lan sekeng. Menawi Gusti Allah ngersakaken, manungsa gesang kados macan plembungan, sawekdal-wekdal saged logro, kempes, nglumpruk tanpa daya, pejah koncatan gesang. Ki Narto Sabdo ngajak kita ngrumaosi bilih manungsa ringkih lan sekeng. Sebul lan semburing gesang kita sumberipun namung Gusti Allah piyambak ingkang rumeksa gesang lan pejahing titah.

Katelu, supados kita mboten gonyak-ganyuk nglelingsemi kadya macan plembungan, sampun jamak limrahipun menawi kita tansah nuhoni dhawuhing para sesepuh, mliginipun kawicaksananing gesang ingkang sampun jinejer ing Serat Wedhatama. Ki Narto Sabdo mapanaken pupuh Pangkur pada 1-3 ing satengahing gendhing/tembang “Macan Ucul” minangka wosing piwucal luhur.

Ing pada 1, Inggang Sinuwun Sri Mangkunegara IV ngajak kita nengenaken pawiyatan kangge ngesuh budinipun atmaja kita, ugi bab piwucal agami ingkang estu rumesep ing cak-cakaning gesang. Ing pada 2, kita dipun jak ngupadi kapinteran lan ugi sinau mikani rasa. Miturut Ki Ageng Suryamentaram, pangawikan pribadi (kesadaran diri) estu wigatos kangge mujudaken begjaning gesang ingkang sejatos. Dene ing pada 3, kita kaajak tansah andhap asor saha

ningali lan nampi sesami kanthi pamawas ingkang sarwa becik.

Sampun samesthinipun kita ngunjukaken atur panuwun dhumateng swargi ingkang sinuyudan K.G.P.A.A. Sri Mangkunegara IV saha Ki Narto Sabdo awit peparingan wewuruk luhur kangge para mudha tarunaning bangsa. Mugi cak-cakaning gesang kita mboten kadya macan ucul ingkang gonyak-ganyuk nglelingsemi, nerak paugeran, lan pungkasanipun namung nglumpruk, nggembos tanpa daya.

Dr. P. Ari Subagyo, M.Hum. dosen Fakultas Sastra  
Universitas Sanata Dharma, Ngayogyakarta  
Email: parisana@usd.ac.id  
HP: 081328216350

**Lamun pinter aja kuminter**

**Lamun gede aja gumedede**

**Lamun kuwat aja mikat**

**Lamun kuwasa aja kumawasa**

**Lamun banter aja nglancangi**

**Lamun landep aja natoni**

**Lamun kendel aja kumendel**

**Lamun wani aja maneni**

**Lamun sugih aja semugih**

**Lamun mlarat aja nyarakat**

**Lamun bagus aja gemagus**

**Lamun ayu aja kemayu**

**Lamun degdayo aja daksiyo**

*( Sugiarto Hadisaputro )*